

Apèl an Ijans Sosyete Sivil la pou genyen yon Repons Entènasyonal ki baze sou Dwa moun nan Kriz an Ayiti a

12 jen 2023

Nou mem kòm òganizasyon ayisyen ak entènasyonal ki ap defann dwa moun epi ki nan sosyete sivil la ki ap travay an Ayiti epi sou dosye Ayiti, nou ap atire atansyon tout moun sou sitiyoasyon katastwofik Ayiti ap konnen sou kesyon dwa moun ak sou plan imanite epi nou ap mande aktè rejyonal ak entènasyonal yo pou yo mobilize nan lide pou pote yon repons an ijans, ki baze sou dwa moun.

Repons sa dwe vini sou plizyè fòm epi li dwe genyen objektif pou chèche klèman evite menm dega entèvansyon entènasyonal yo te koze nan tan ki pase yo. Yon premye etap ki nesèsè se **sipann sipòte** ansanm aktè ki kreye kriz peyi a ap konnen yo, tankou moun sa yo ki sou pouvwa a aktyèlman.

Tout nouvo apwòch ta dwe respekte souverènnte ayisyen yo epi pote bon jan kontribisyon pou pèp ayisyen an kapab granmoun tèt li nan pèspektiv bon jan gouvènans demokratik, envestisman nan sekirite piblik ak rezilyans kominote yo, restorasyon Eta dwa ak sekirite, mete fen nan enpinite pou vyolasyon grav yo epi garanti aksè ak pwodui premye nesosite yo pou moun ki nan bezwen.

Repons entènasyonal ki baze sou dwa moun yo dwe genyen eleman nou pral site la yo :

Sipòte Jefò pou Mete kanpe yon Gouvènman Tranzisyon ki Lejitim

- Fasilite jefò pou mete kanpe yon gouvènman tranzisyon ki genyen teknokrat nan tèt li ki ap pran angajman pou pa patisipe nan pwochen eleksyon yo epi ki ap travay pou kreye yon anviwonman ki ap pèmèt yo òganize eleksyon li, san fòs kote epi ki onèt dapre yon kalandriye ki byen defini. Gouvènman tranzisyon sa ta dwe premyeman travay pou li mete minimòm sekirite, fè respekte dwa fondamantal moun genyen epi restore Eta dwa, menm jan ak aksè pou tout ayisyen jwenn pwodui premye nesosite yo.

Sipòte jefò pou Retabli sekirite

- Bay bon jan asistans teknik sou plan sekirite bay Polis Nasyonal la pou pou retabli minimòm sekirite nan kapital la ki se Pòtoprens rejyon metwopoliten an epi toupatou sou teritwa nasyonal la. Asistans la kapab vini sou plizyè fòm tankou fòmasyon, ekipman, lojistik, entèlijans, oryantasyon taktik ak kòmanman, dapre fason gouvènman tranzisyon ki fèk etabli a ap defini sa.
- Sipòte travay siveyans endepandan k ap fèt nan kesyon dwa moun, pami yo travay siveyans sosyete sivil ayisyen an ap fè epi sou rapò y ap reyalize konsènan konpòtman espè yo ap genyen pou rele pou sipòte Polis Nasyonal la.
- Kontribye nan mete kanpe epi sipòte yon mekanis endepandan epi ki kredib ki ap fè siveyans anba otorite dirijan tranzisyon an pou Polis Nasyonal ayisyen an, nan lide pou idantifye, mete deyò epi voye devan lajistis tout polisye ki enplike nan zak vyolans, koripsyon nan nivo ki wo oswa ki ap sipòte gwoup kriminèl vyolan.
- Kontribye nan mete kanpe pwogram espesyalize pou sipòte rekonsilyasyon nan kominote yo, dezameman ak reyentegrasyon moun ki te enplike nan gwoup kriminèl vyolan, pandan yo ap genyen

yon konsiderasyon patikilye pou sipòte timoun, jenn moun ak granmoun ki te sibi twomatis, ki te fè pati gwoup sa yo.

Sipòte jefò pou genyen Jistis ak Kont ki Rann

- Pote asistans bay sistèm jistis la pou ranfòse kapasite li nan jesyon dosye ak reyalizasyon ankèt penal yo, tankou nan pouswiv moun ki enplike nan aktivite kriminèl grav tankou touye moun, kidnapin, vyolans seksyèl ak lòt zak vyolans, koripsyon epi ki ap sipòte gwoup kriminèl yo.
- Bay asistans teknik nan goumen kont koripsyon nan pèspektiv pou reyalize bon jan pwosè kont moun ki komèt krim finansye ak konplis yo.
- Sipòte pwogram gouvènman tranzisyon lejitim nan ki vize amelyore kondisyon moun ki nan prizon yo epi redui detansyon pwovizwa yo.
- Nan mezi lalwa pèmèt sa, fè tout moun ki sispèk rann kont, nan tout jiriksyon ki disponib yo pou trennen devan lajistis tout responsab vyolans, koripsyon nan yon nivo ki wo epi ki ap sipòte gwoup kriminèl vyolan yo.

Kanpe Sikilasyon Zam yo

- Ankouraje jefò pou pran bon jan mezi, patikilyèman bò kote gouvènman ameriken, pou mete fen nan sikilasyon ak vann zam ak minisyon ki fèt ilegalman bay gwoup kriminèl vyolan ki ap opere an Ayiti, prensipalman nan pran plis mezi pou fè respekte lwa ameriken yo nan kesyon vann zam ak fason y ap kite pò ki nan jiridiksyon ameriken, tankou pò nan Eta Florid, nan sipòte ranfòsman travay polis la ak otorite ladwann yo an Ayiti, epi nan ogmante echanj enfòmasyon ki respekte dwa moun ant gouvènman rejyonal yo pou lite kont trafik zam nan Karayib la.

Sipòte Pwosesis Reparasyon Ayisyen yo ap reyalize

- Ankouraje Nasyonzini, Etazini, Lafrans, Kanada klèman rekonèt klèman responsablite yo genyen nan dega ki te fèt pandan entèvansyon entènasyonal ki te fèt nan Ayiti yo epi pran angajman piblik pou deplwaye jefò yo nan lide pou asire yo echèk ak abi ki te koze pandan dènye entèvansyon yo pa repwodi epi pou yo travay pou mete kanpe yon pwosesis reparasyon kote se Ayisyen ki ap dirije li (garanti pou pa gen repetisyon an se youn nan senk (5) eleman nan sa ki konsènen reparasyon).

Sipòte Leta Ayisyen nan lide pou pote bon jan repons ak bezwen imanité ijan ki genyen yo

- Dwe genyen bon jan yon ogmantasyon nan èd imanité ijans yo epi sa dwe fèt sou yon baz dirab pou asire yo Ayisyen yo, espesyalman moun ki ap viv nan kominote ki pi vilnerab yo, pou yo genyen aksè ak bon jan manje, dlo pwòp, asenisman, swen sante, edikasyon ak kouran elektrik. Èd sa dwe nan pèspektiv pou ranfòse kapasite ayisyen yo nan yon tan ki long.
- Founi swen sante espesyalize ki pran an konsiderasyon twomatis moun yo sibi, asistans legal ak sipò sikososal pou viktim vyolans seksyèl yo, kote moun yo ap resevwa li dirèkteman oswa atravè sipò yo ap bay òganizasyon ayisyen yo.

Enstitisyon ki siyen :

Bureau des Avocats Internationaux (BAI)

Commission Episcopale Nationale Justice et Paix (CE-JILAP)

Ensemble Contre la Corruption (ECC)

Institute for Justice and Democracy in Haiti (IJDH)

Kay Fanm

Nègès Mawon

NouPapDòmi

Rezo Nasyonal ki ap Defann Dwa Moun (RNDDH)

Platfòm Òganizasyon Ayisyen k ap defann Dwa Moun an Ayiti (POHDH)

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte:

Pierre Esperance, Direktè Rezo Nasyonal ki ap Defann Dwa Moun-RNDDH (+ 509 37762101)